Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме – китапхана орайы



# «Өмирин илимге бағышлаған жазыўшы»

*Илимпаз ҳәм жазыўшы Сарыгүл Баҳадырованың*
*74 жасқа толыўы мүнәсибети менен*
*Биобиблиография*

Нөкис – 2018

***«Халықтың миллий мийрасы ақ сүт берген анаң менен теңдей. Ўатан – Ана, ақ сүт берген ана, ал, миллий мийрас бул да анаң, бул сөзлер мазмуны бойынша бирдей. Сен анаңды, туўылған Ўатаныңды қалай қорғасаң, қалай қәдирлесең, миллий мийрасыңды да солай қорғайсаң, солай қәдирлейсең.***

***Қарақалпақ халқының миллий мийрасы – бул фольклоры»***

***Сарыгүл Баҳадырова***

## Кирисиў

Илим - ҳәр қандай мәмлекеттиң бүгинги ҳәм ертеңги келешегин белгилейтуғын әҳмийетли сала болып табылады. Өзбекистан үлкеси әзелден адамзат цивилизациясына теңи тайы жоқ үлес қосқан, дүнья жүзи илим ҳәм мәдениятының бағдарларын белгили дәрежеде белгилеп берген уллы алымлары, ағартыўшылары менен дүньяға танылған.

Бүгинги күнде де Өзбекистан Илимлер Академиясының илимпазлары уллы ата-бабаларымыздың дәстүрлерин мүнәсип даўам еттирип, бийғәрез Ўатанымыздың илимий-экономикалық, илимий-техникалық, мәдений, руўхый-ағартыўшылық раўажланыўы жолында кең көлемли илимий изертлеўлер алып бармақта.

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтиң 2016-жыл 30-декабрь күни мәмлекетимиздиң бир топар илимпазлары, Өзбекистан Илимлер академиясы ағзалары, жоқары оқыў орынлары ректорлары менен ушырасыўы болып өткен еди. Ушырасыўда журтбасшымыз Ўатанымыздың илим тараўын раўажланған мәмлекетлердиң илим-пәни дәрежесине көтериў кереклиги ҳаққында атап өтти. - «Илим - пән менен шуғылланыў, жаңа ашылыўлар ҳәм ойлап табылыўлар ислеў – ийне менен қудық қазғандай гәп, солай екен, бул қыйын тараўда пидәкерлик пенен мийнет ислеп атырған алымларымыздың мийнети алғысқа ҳәм хошаметке ылайық. Мәмлекетимизде жоқары потенциалға ийе, жәҳән көлеминде тән алынған алымлар көп. Олар өз мектеплерин жаратыўы, шәкиртлер тарбиялаўы керек деди ол өз сөзинде.

Президентимиз Шавкат Мирзиёев экономикамыздың барлық тараўының раўажланыўында илимниң орны, әҳмийети жүдә үлкен екени, бул бағдарда мәмлекетимиз биринши нәўбетте Илимлер академиясы ҳәм алымларына сүйенетуғыны, илим ҳәм ислеп шығарыўдың биргеликте жумыс алып барыўы бүгин

жүдә актуаль екенин айрықша атап өтти. Ушырасыўдан соң көп өтпей Өзбекистан Илимлер академиясы илимий-изертлеў жумысларын шөлкемлестириў, басқарыў ҳәм қаржыландырыўды жәнеде раўажландырыў ушын зәрүр ис-илажлар белгиленип, әмелге асырыла баслады.

Өткен жылда академиялық илимди раўажландырыўға бағдарланған бир қанша ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл етилип, бул тараўда избе-из жумыслар алып барылды. Атап айтқанда Президентимиздиң 2016 жыл 29 декабрьде шыққан «Өзбекистан Илимлер Академиясының академиклери жумысларын және де раўажландырыў ҳәм хошаметлеў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПФ-4907-санлы ҳәмде 2017 жыл 29 декабрьдеги «Өзбекистан Илимлер Академиясының ҳақыйқый ағзалары ҳәмде бурынғы Өзбекистан Аўыл хожалығы илимлери академиясының ҳақыйқый ағзалары ҳәм хабаршы ағзалары жумысын және де хошаметлеў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПФ-5292-санлы пәрманлары булардың айқын мысалы бола алады.

Мине бүгинги күнде усы илим тараўын раўажландырыўға өзлериниң бар күш-жигерин аямай мийнет етип атырған пидайы инсанлар елимизде көплеп табылады. Олардың өмир жолын ҳәм халқымыз ушын ислеген мийнетлерин бүгинги ҳәм келешек әўладқа үлги етсек арзыйды. Қарақалпақ халқының усындай мақтаныш етсе арзыйтуғын қызларының бири, қарақалпақ фольклорын, әдебий мийрасларын дүньяға танытыўда өзиниң күш-жигерин аямай мийнет етип киятырған зәбердес инсан, Абу Райхан Беруний атындағы Өзбекистан мәмлекетлик сыйлығының, Халық мийрасын сақлаў бойынша Н. Рерих атындағы халық аралық сыйлықтың лауреаты, филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери, илимпаз ҳәм жазыўшы Сарыгүл Баҳадырова болып табылады. Сарыгүл Баҳадырованың аты илимпаз сыпатында республикамызда ғана емес, ал жақын республикаларда да белгили. Ол өз халқын жанындай сүйип өмирин илимге бағышлады, қарақалпақ халқының оғада бай әдебий ҳәм мәдений мийрасларын қәстерлеп, усы мийраслары арқалы қарақалпақ халқын дүньяға таныта билди. Дөретиўшилик жумысларын еле де даўам еттирип атырған Сарыгүл Баҳадырованың үлги боларлық өмир жолы ҳәм илимий - дөретиўшилик хызметлерин бүгинги өсип киятырған жас әўладларға еле де тереңирек таныстырыў мақсетинде усы биобиблиографиялық қолланбаны дүзип отырмыз.

## Сарыгүл Баҳадырованың өмири ҳәм дөретиўшилик хызмети

Сарыгүл Баҳадырова 1944-жылы Қараөзек районында дүньяға келди. Ол орта мектепти 1961- жылы тамамлап, сол жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институттың тарийх - филология факультетине оқыўға киреди ҳәм билим дәргайын 1966 – жылы табыслы тамамлағаннан соң 1966 – 70 жыллар аралығында Ташкенттеги Өзбекстан Илимлер академиясының Қарақалпақстан филиалының аспирантурасында оқыйды. Ол илимий жумысларын даўам еттириў менен бирге дөретиўшилик жумысларын да үзликсиз алып барды. Сарыгүл Баҳадырованы Республика жәмийетшилиги жазыўшы сыпатында да жақсы таныйды. Ол әдебият тараўына 60 - жыллары кирип келди. Жазыўшының усы жыллары дөретилген ҳәм баспадан шыққан «Анама хат», «Ана ҳаққында қосық», «Кешиккен солдат», «Өкиниш» ҳәм басқа да гүрриңлериниң тематикасы турмыс ўақыялары тийкарында алынып, өмирди, адамлар психологиясы менен характерин көркем сүўретлеп берген. Буннан басқа да жазыўшының «Тәғдир» (роман-диология), «Ҳаяллар», «Турмыс сабағы», «Адам қәдири», «Адамды адам бахытлы етеди», «Рәўшан» «Тумарис ҳәм Кир», «Избасар Фазылов жөниндеги эссе», «Суңқар еди қанатынан қайрылған» сыяқлы повесть ҳәм романлары баспадан шықты. «Ҳаяллар» повести Москвада әдебиятшы илимпазлар тәрепинен жоқары баҳаланды. Жазыўшының бир қатар гүрриңлери өзбек, қазақ ҳәм рус тиллерине аўдарылып жарық көрди. Сарыгүл Баҳадырова «Тәғдир» романы менен Орайлық Азияның ҳаял-қыз жазыўшылары арасында кең көлемли роман-эпопея жазған биринши жазыўшы болып есапланады. Жигирмадан аслам роман, повесть ҳәм гүрриңлерди дөреткен жазыўшының 2017 жылы баспадан шыққан «Қарақалпақ қандай халық» ҳәм «Тумарис» атамасындағы китаплары болса оқыған ҳәр бир адамның кеўлинде өз елине, Ўатанына деген мақтаныш сезимин оятады. Өсип киятырған жас әўладты Ўатан сүйиўшилик руўхында тәрбиялайды.Ол билимниң шексиз теңизине қарай жол излеп Өзбекистан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының (ҳәзирги бөлиминиң) Нәжим Дәўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында хызмет жолын баслады. Усы институтта лаборанттан баслап институт директоры лаўазымына шекем көтерилди. 1970-жылы Сарыгүл апа Өзбекстан Илимлер академиясының А.С. Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институтында академик, филология илимлериниң докторы Марат Нурмухамедовтың басшылығында 26 жасында «Ҳәзирги заман қарақалпақ гүрриңлери» деген атамада кандидатлық диссертациясын жақлады.

Сол ўақытта жас илимпазды, әлбетте, түрли лаўазымларға жумысқа шақырды, бирақ ол басқа жумыслардың бәринен бас тартты. 70-жыллары бурынғы аўқамның Жоқарғы аттестациялық комиссиясы қайта дүзилип, миллий республикаларда жазылатуғын диссертацияларды тек ғана жоқары дәрежедеги рус

тилинде жазыўды талап етти. Усы жыллары Нөкис мәмлекетлик университети ашылып, оған докторлық дәрежеси бар қәнигелер керек болды. Қарақалпақстан ҳүкимети илим докторларын таярлаў мәселесин алға қойды, докторлық диссертация жазып атырған илимпазларға көп мүмкиншиликлерди туўдырды. Сол ўақытлары Сарыгүл апаның «Ҳәзирги заман қарақалпақ романы» деген диссертациясы таяр еди. Ол питип турған докторлық диссертациясын жақлаўға усынбастан алдын Москваға, пүткил жәҳән институтына тәжирийбе арттырыў ушын кетти. Бул жерде белгили тюрколог илимпаз, профессор З. С. Кедринаның басшылығында илимий жумыс алып барды. З. С. Кедрина оның докторлық диссертациясының биринши вариантын жақлаўға қойыўға мәсләҳәт берди. Сарыгүл апаға жумыс еле де питпей турғандай түйилип, ол қарақалпақ романының миллий өзгешеликлерин еле де тереңирек ашқысы келеди ҳәм бул жумысты «Романда миллийлик ҳәм улыўма адамзатқа тән характер» деген машқалаға бурды. Бул жумыс «Роман ҳәм дәўир» деген ат пенен өз алдына китап болып басылып шықты. Ҳәмме Сарыгүл апа бул мийнетин жақлаўға қояды деп ойлады. Бирақ ол енди буны фольклор менен байланыстырды. «Фольклор ҳәм қарақалпақ совет прозасы» деген темадағы диссертациясын Москвадағы М. Горький атындағы пүткил жәҳән институтының көп миллетли совет әдебияты секторына талқылаўға усынды. Талқылаўда шығып сөйлеген илимпазлар Г. Ломидзе, З. Османова, З. Кедрина, А. Алиева, Залесская, Р. Юсуфов сыяқлы илимпазлар жумысты жоқары баҳалады ҳәм со биринши талқылаўдан-ақ теманы жақлаўға усыныс етти. Соннан кейин Ташкенттеги Тил ҳәм әдебият институты қасындағы қәнийгелестирилген кеңесте докторлық диссертациясын жақлады. Усы докторлық диссертациясы мазмунында 1984 – жылы «Фольклор и Каракалпакская советская проза» атамасындағы монографиясын рус тилинде баспадан шығарды. Бул монография ҳаққында «Вопросы литературы» журналында рецензия болып басылып шықты. Рецензия авторы, белгили москвалы илимпаз, әдебиятшы Т. Т. Давыдова «Вопросы литературы» журналының бетинде «Бул изертлеў жумысы тек қарақалпақ әдебияттаныў илиминде емес, ал, дүнья филология илиминде үлкен жаңалық» деп оған баҳа берди. - Бул маған емес, қарақалпақ илимине берилген баҳа еди, - дейди илимпаз апамыз.

Ол 1987 – жылы Өзбекистан Илимлер академиясының А.С. Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институты жанындағы қәнигелестирилген кеңесиниң мәжилисинде «Фольклор және қарақалпақ совет прозасы» деген темадағы докторлық диссертациясын жақлады. – Мениң фольклористика илимине келиўиме усы жумысым себепши болды. Илимде Адам бир шоққыға минсе – екишиси көринеди, екиншисине минсе – үшиншиси, солай етип, жоқарылап кете бересең, - дейди Сарыгүл апа.

Сарыгүл Баҳадырова 1991-жылдан баслап Өзбекистан Илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының Нәжим әўқараев атындағы Тарийх, тил ҳәм әдебият институттың директоры лаўазымында иследи ҳәм илим тараўында бир неше монографиялар, жоқары оқыў орынлары ушын сабақлықлар менен бирге баспа сөз бетлеринде көплеген илимий мийнетлер дөретти. Қарақалпақ фольклорының жаңа тарийхы, қарақалпақ жыраўларының тарийхы, қарақалпақ дәстанларының 100 томлығы оның басшылығында ҳәм авторлығында исленген жумыслар болып табылады. Қарақалпақ фольклорының бул 100 томлығы 2007 - жылдан басылып

шыға баслады. Ол әдебият  ҳәм фольклор бойынша 400 ге жақын  мийнет ҳәм мақалалардың авторы. Мақалалары Ҳиндстан, Туркия, Кипр, Россия, Қазақстан еллеринде тезис материалларында басылып шықты. Илимпаздың ең жоқары жетискенликлериниң бири – қарақалпақ фольклорын дүньяға танытыўда бийик шоққының басына көтериле алды десек асыра айтқан болмаймыз. Оның басламасы менен 1997- жылы 11-12 сентябрь күнлери «Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» ҳәм түркий тиллес халықлардың фольклорын изертлеў мәселелери» деген темада халық аралық илимий конференция өткизилди. Конференцияға Туркия, Азербайжан, Кипр, Қырғызстан, Қазақстан, Өзбекстаннан белгили илимпазлар ҳәмде БМШтың Өзбекистандағы ўәкилханасының сол ўақыттағы баслығы Х. Малик келди ҳәм шығып сөйледи. Бул конференцияның әҳмийети – дүнья халықларына «Қырық қыз» халқының миллий эпосы екенлигин дәлийллеп берди. Конференцияға келген илимпазлар өз еллерине барғаннан соң қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» ҳаққында бир неше мақалалар басып шығарды. Буннан кейин ол бурынғы кеңес ҳүкиметиниң ўақтында қадаған етилген дәстанлардың бири «Едиге» ни көтериў мақсетинде «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» ҳәм оны изертлеў мәселелери» деген темада халық аралық конференция өткизиўге Өзбекистан Илимлер академиясына усыныс киргизди ҳәм бул усыныс мақулланып, Министрлер Кабинетиниң арнаўлы қарары шықты. 2001 – жылы  конференция Өзбекистаннан, Германиядан, Туркия, Япония, Қазақстаннан келген илимпазлардың қатнасыўында жоқары дәрежеде өтти.

Сарыгүл Баҳадырова  өз халқының миллий байлығын дүньяға мақтаныш етиў ушын көплеген илимий форумларда баянат жасады. Ол Москва, Қазан, Уфа, Стамбул, Анкара, Измир, Кунья, Кипр, Бонн, Ашхабад, Элиста ҳәм басқа да қалаларда  өткерилген 20 дан аслам халықаралық илимий конференцияларда, конгресслерде, симпозиумларда, қарақалпақ әдебияты ҳәм фольклоры мәселелери бойынша илимий баянатлар иследи, өзиндей белгили илимпазлар менен сәўбетлес болды, дискуссияларға түсти. Уфада қарақалпақ халық дәстаны «Едиге», «Қарақалпақ халық шежиреси», Элистада Қарақалпақ халық дәстаны «Қоблан» ҳаққында, Анкарада «Қарақалпақ халық фольклоры жанрлары», Кипрде «Қорқыт ата ҳәм қарақалпақ», Измирде «Қырық қыз  қарақалпақ халық дәстаны» темаларында баянатлар жасады.

2003-жылы гүзде «Түркий тиллес халықлары фольклорында халық көркем өнери» деген темада үшинши халық аралық илимий конференциясын  өткизди. – «Ҳәр бир халық аралық конференцияны өткизиўдеги мақсетим - өзимниң халқымды, оның бай миллий мәдениятын, әдебиятын, фольклорын дүньяға танытыў - дейди ол. Ҳәр бир конференцияның халық мийрасларына арнап өткизилиўи – бул бизиң халқымызды дүньяға танытыў деген сөз. «Едиге» дәстанының қарақалпақ версиясы Германия илимпазы Карл Райхл тәрепинен англичан ҳәм немец тиллерине аўдарылып баспадан шығарылды.

- Мениң илимде умтылатуғын мақсетим - өз халқымды көшип-қонып, посып жүрген халық емес, ал отырықшы, өзиниң миллий цивилизациясына ийе, адамзат дөреткен алтын қорға үлкен үлес қосқан әййемги халықлардың бири екенлигин илимий жақтан дәлийллеў, Арал теңизине байланыслы экологиялық апатшылық орайында жасап атырған қарақалпақ халқының бай миллий мәдениятын дүньяға

таныстырыў. Мениң илимий миссиям ҳәзирги глобалласқан заманда, экстремизмниң халықты тынышсызландырып отырған бир дәўиринде, халықтың тынышлықты, миллетлер арасындағы дослықты, гуманизмди, жақсылықты жырлайтуғын бай мийрасын ҳәр бир инсанның санасына жеткериў жәнe келешек әўладқа бериў. Халық мийрасы бәркулла тынышлықты, жақсылықты, дослықты жырлайды. Усы мақсетте үш халық аралық конференция өткердим, қарақалпақ фольклорының жүз томлығын баспаға таярлаў мәселесин көтерип шықтым, усы мақсетте қарақалпақ жыраўлары түркий тиллес халықлардың ишиндеги ең жетилискен эпос атқарыўшылары екенлиги ҳаққында мақаламды Қазақстанда, Әзербайжанда басып шығардым, - дейди ол.

Сарыгүл Баҳадырова ҳүрметли дем алысқа шыққаннан кейин де илимий - дөретиўшилик жумысларын даўам еттирип, жаңа китапларын жазып китап оқыўшыларымызға инәм етти, 200 ден аслам монографиялар жазды, илимий конференцияларға қатнасып турады.

Инсанның инсанлығы жасаған узақ жасы менен емес, изинде қалатуғын өшпес мийнетлери менен баҳаланады. Өмирин илимге бағышлаған, тарийхый ислерге баслама салған, илимде, әдебиятта, жәмийетте өз орнына ийе Сарыгүл Баҳадыровадай инсанлар ҳәрқашан халқының кеўлинен жай табады.

Қарақалпақ халқын жәҳән билсин деп,
Дәстанлары мәңги өмир сүрсин деп,
Көкирегиң алып ушып дүрсилдеп,
Мудам мәртлик сапта турдың Сарыгүл.

Жаслайыңнан шын берилип илимге,
Қанық болдың тыянақлы билимге,
Жыйырма алты жаста күндей күлимлеп,
Алымлар бағына кирдиң Сарыгүл.

«Қырқ қыз» ҳәм «Едиге» дәстанын алып,
Халықтың мийрасы деп нәзериң салып,
Оларды изертлеп күн- түн толғанып,
Усладың сандықтың гилтин, Сарыгүл!

Профессор болып көп устазлық еттиң,
Жасларды билимге, илимге үйреттиң,
Илимий кадрларға бағдар көрсеттиң,
Тарийх, дәстан болдың белли Сарыгүл.

Гүл питкей ҳәр қәдемиңе тилегим,
Жалынланып турғай мудам жүрегиң,
Тәрезиде тасты басып бир өзиң,
Орның болсын мудам төрде Сарыгүл.

***(Е. Алласүгировтың «Гүл питкей ҳәр қәдемиңе!» қосығынан)***

Оның илимдеги ең бийик мақсети - илимий талқылаў жәрдеминде қарақалпақ халық мийрасын дүньяға мақтаныш етиў болса, көркем шығарма дөретиўде көркем образлар арқалы өз халқының миллий характерин, миллий руўхын мақтаныш етиўден ибарат болды. Ол өз халқын ардақлады, оны дүнья халықларына таныттты. Буның ушын өзиниң саналы өмирин бағышлады.

Мине усындай илимий дөретиўшилик жолында тынымсыз мийнет ислеп, халықтың алғысына бөленген Сарыгүл апаға саў саламатлық тилей отырып, оннан еледе көплеген жаңа илимий ҳәм әдебий дөретпелерди күтип қаламыз.

## Сарыгүл Баҳадырованың өмири ҳәм илимий - дөретиўшилик хызметиниң тийкарғы сәнелери

**1944 - жылы** Қараөзек районында дүньяға келди.

**1961 - жылы** орта мектепти тамамлады ҳәм сол жылы Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх – филология факультетине оқыўға кирди.

**1966 - жылы** Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институттың тарийх - филология факультетин табыслы тамамлады.

**1966 -1970 жыллар** аралығында Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан филиалының аспирантурасында оқыйды.

**1970 - жылы** Өзбекстан Илимлер Академиясының А.С. Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институтында академик, филология илимлериниң докторы Марат Нурмухамедовтың басшылығында «Ҳәзирги заман қарақалпақ гүрриңлери» деген темада кандидатлық диссертациясын жақлады.

**1976 – жылдан** СССР Жазыўшылар аўқамының және Әдебият фондының ағзасы.
**1978 - жылы** Қарақалпақстан Жаслар Аўқамы сыйлығының лауреаты болды.

**1978 – жылы** белгили тюрколог, профессор З.С. Кедринаның басшылығында докторлық диссертациясын жазды ҳәм бул жумыс баспадан «Роман ҳәм дәўир» деген атамада монография болып басылып шықты.

**1984 – жылы** «Фольклор и каракалпакская советская проза» деген атамадағы монографиясы рус тилинде баспадан шықты.

**1987 – жылы** Өзбекстан Илимлер Академиясының А.С. Пушкин атындағы Тил ҳәм әдебият институты жанындағы қәнигелестирилген кеңесиниң мәжилисинде «Фольклор және қарақалпақ совет прозасы» деген темадағы докторлық диссертациясын жақлады.

**1988 - 1991 жыллары** Өзбекистан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының Нәжим Дәўқараев атындағы  Тарийх, тил ҳәм әдебият институтында жетекши илимий хызметкер.

**1991 – 2007 жылларда** Өзбекистан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалы Нәжим Дәўқараев атындағы  Тарийх, тил ҳәм әдебият институтының директоры лаўазымында иследи.

**1996 –** жылдан баслап Өзбекистан Журналистлер аўқамының ағзасы
**2004 –** жылдан баслап дүнья тюркологлары ассоциациясының ағзасы.

## Сарыгүл Баҳадырованың басшылығында Қарақалпақстанда өткерилген халық аралық илимий конференциялар

**1997- жылы 11-12 сентябрь** күнлери «Қарақалпақ халық дәстаны «Қырық қыз» ҳәм түркий тиллес халықлардың фольклорын изертлеў мәселелери» деген темада халық аралық илимий конференция өткизди.

**2001 - жыл**ы «Қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» және оны изертлеў мәселелери» деген темада  халық аралық илимий конференция өткизди.

**2003 - жыл**ы гүзде «Түркий тиллес халықлар фольклорында халық көркем өнери» деген темада халық аралық илимий конференция  өткизди.

## Сарыгүл Баҳадырованың алған атақлары ҳәм сыйлықлары

**1984 - жылы** Абу Райхан Беруний атындағы Илим ҳәм техника тараўы бойынша Өзбекистан мәмлекетлик сыйлығының лауреаты.

**1993 – жылы** Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери

**2005 – жылы** «Профессор» илимий атағына ийе болды.

**2006 – жылы** Халық мийрасын сақлаў бойынша Н. Рерих атындағы халықаралық сыйлықтың лауреаты.

## Сарыгүл Баҳадырованың шығармалары қарақалпақ тилинде

**1971**

**1.** Баҳадырова С. Заманласларымыз образы жаслар творчествосында: // Әмиўдәрья. – 1971. - № 2. – Б. 109 – 112.

**1973**

**2.** Баҳадырова С. Хаяллар: [повесть]. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1973.- 80 б.

**1976**

**3.** Баҳадырова С. Адамды адам бахытлы етеди: [повесть] // Әмиўдәрья. - 1976. - № 8.- Б. 35 -71.

**4.** Баҳадырова С. Қарақалпақ романларының тил көркемлиги ҳаққында [ойлар, болжаўлар, изертлеўлер] // Әмиўдәрья. – 1976. - № 12. – Б.113 – 117.

**1977**

**5.** Баҳадырова С. Алымлар «Қырқ қыз» дәстаны ҳаққында: // Еркин Қарақалпақстан. - 1977. -16 авг.

**6.** Баҳадырова С. Қарақалақ әдебиятында тарийхый роман: // Әмиўдәрья. – 1977. - № 11. – Б. 112.

**1978**

**7.** Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир: [миллий көркем трагедия, миллий өзиншелик интернационаллық проблемасы].- Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.- 168 б.

**1979**

**8.** Баҳадырова С. Тәғдийр: [роман] // Әмиўдәрья.- 1979.- № 1. - Б. 47 - 75.

**9.** Баҳадырова С. Бердақтың «Шежире»синдеги тарийхый ҳақыйқатлық: // Сов. Қарақалақстаны. – 1979.- 5 окт.

**1980**

**10**. Баҳадырова С. Турмыс сабағы: [гүрриңлер ҳәм повестлер] - Нөкис: Қарақалпақстан, 1980.-216 б.

**1981**

**11.** Баҳадырова С. Тәғдир: [роман]. - Нөкис: Қарақалпақстан, 1981.- 216 б., 1989.-204 б.

**1985**

**12.** Баҳадырова С. Өз жолын излеп: [Жазыўшы Өтеген Айжанов ҳаққында] // Әмиўдәрья.- 1985. - № 4. – Б. 109 – 111.

**13.** Баҳадырова С. Проза ҳаққында сөз еткенде: ] // Әмиўдәрья.- 1985. - № 2. – Б. 100 – 104.

**1986**

**14.** Баҳадырова С. Жүрек дәстаны: [Султан Қаллыбаевтың «Жүрек дәстаны» атлы китабы ҳаққында] // Әмиўдәрья.- 1986. - № 7. – Б. 107 – 108.

**15.** Баҳадырова С. Ҳуждан жолында…: [Б. Бекниязова 70 жаста] // Әмиўдәрья.- 1986. - № 4. – Б. 103 – 104.

**1987**

**16.** Баҳадырова С. Бердақ ҳәм өзбек әдебияты: [Филология илимлериниң кандидаты Б.Қурбанбевтың «Бердақ ҳәм өзбек әдебияты» атлы илимий монографиясы ҳаққында] // Әмиўдәрья.- 1987.- Б. 86 - 87.

**1988**

**17.** Баҳадырова С. Дәўлен Айтмуратовтың «Ақмақлықты жырлаў» деп аталған комедиясы ҳаққында: // Әмиўдәрья.- 1988. - № 6. – Б. 106 – 107.

**18.** Баҳадырова С. «Китаби дедем Коркут» жазба естелиги ҳәм «Алпамыс» дәстаны: // Әмиўдәрья.- 1988.- №11.- Б.103 -106.

**1989**

**19.** Баҳадырова С. Аббаз Дабылов ҳәм фольклор: // Жас ленинши.- 1989.- 12 май.

**20.** Баҳадырова С. Дәўир руўхын жырлайық ямаса ҳәзирги прозалық шығармалар ҳаққында: // Сов. Қарақалпақстаны. – 1989. – 5 янв.

**21.** Баҳадырова С. Ол жақсылықтың жыршысы еди: [Т. Мәтмуратов ҳаққында] // Әмиўдәрья.- 1989.- № 9. - Б.107 -109.

**1990**

**22.** Баҳадырова С. Қайта қурыў ҳәм көркем әдебият: // Әмиўдәрья. – 19190. - № 9. – Б. 99 – 102.

**23.** Баҳадырова С. Роман 89: [соңғы жылларда шыққан романлар ҳаққында] // Әмиўдәрья.- 1990. - № 6. – Б. 82 – 85.

**1991**

**24.** Баҳадырова С. Халық мийрасына жоқары баҳа // Еркин Қарақалпақстан.- 1991.-14-нояб.

**25.** Баҳадырова С. Жийен жыраў ҳәм қарақалпақ жыраўлары: [Жийен жыраўдың 260 жыллығына: жаңа болжаўлар] // Еркин Қарақалпақстан.- 1991.-19 окт.

**1992**

**26.** Баҳадырова С. Исленер жумыслар көп: [Әжинияздың 170 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан.- 1992.- 14 нояб.

**27.** Баҳадырова С. «Китабы дедем қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм хәзирги әдебият хаққында ойлар: [Әдебий сын мақалалар]. - Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992. - 171 б.

**1993**

**28.** Баҳадырова С. «Едиге» ҳәм «Ер Едиге» арасындағы байланыслар // Арал.- 1993.- № 1.- Б. 55 - 59.

**29.** Баҳадырова С. Халық ғәзийнесиниң жигирма томы: [фольклор] // Еркин Қарақалпақстан.- 1993.- 16 - февр.

**1994**

**30.** Баҳадырова С. Латын имласына өтиў - дәўир талабы: // Еркин Қарақалпасқстан .-1994.- 4 янв.

**31.** Баҳадырова С. Түрклер шежиреси.- Нөкис: Билим, 1994.- 228 б.

**1995**

**32.** Баҳадырова С. Әдебияттаныў илиминиң атасы: [Нажим Даўқараев 90 жаста ] // Еркин Қарақалпақстан.-1995.- 14 янв.

**33.** Баҳадырова С. Уқыплы инсан, талантлы алым: [Қарақалпақ тил билиминиң ири изертлеўшилериниң бири, белгили тюрколог, Өзбекистан Илимлер академиясының хабаршы ағзасы, Өзбекистан Олий Мәжилисиниң дкпутаты, жазыўшы, филология илимлериниң докторы, профессор Хусниддин Хамидовтың 60 жыллығы] // Еркин Қарақалпақстан.- 1995. – 13 май.

**34.** Баҳадырова С. «Манас» ҳәм қарақалпақ халық дәстаны «Ер Қосай» // Еркин Қарақалпақстан.-1995.-5 авг.

**1996**

**35.** Баҳадырова С. Әмир Темур ҳаққында қарақалпақлар дөреткен әпсаналар: // Еркин Қарақалпақстан.-1996. – 29 июнь.

**36.** Баҳадырова С. Қумар ана: [шежире] // Еркин Қарақалпақстан.-1996. – 4 июль.

**1997**

**37.** Баҳадырова С. Әжайып тәсирлерге толы үш күн: [«Қырққыз» дәстанына

арналған халықаралық конференция хаққында] // Еркин Қарақалпақстан.-1997.- 9 окт.

**38.** Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорынын жанкуйери: [Филология илимлерининң кандидаты М. Низаматдинов ҳаққында] // Еркин Қарақалпасқстан.- 1997.- 15 март.

**39.** Баҳадырова С. «Қырқ қыз» дәстанына арналған халықаралық илимий конференция: // Еркин Қарақалпақстан.-1997.- 21 июнь.

**40.** Баҳадырова С. Кешиккен солдат: [повесть] // Әмиўдәрья.- 1997.- № 3.- Б.3 - 28.

**1998**

**41.** Баҳадырова С. Бердақтың «Шежире» шығармасы ҳаққында ойлар: [Бердақ Қарғабай улының туўалғанына 170 жыл] // Еркин Қарақалпақстан.-1998. – 17 сент.

**42.** Баҳадырова С. Қарақалпақ халық дәстаны «Алпамыс» тың вариантлары хаққында: // Еркин Қарақалпақстан.- 1998.- 5 май.

**1999**

**43.** Баҳадырова С. Әжинияз шайыр ҳаял – қызларды жырласа…: [Әжинияздың 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан.- 1999. – 16 дек.

**44.** Баҳадырова С. Зийўар шайыр ҳаял – қызларды жырласа…: [Әжинияздың 175 жыллығы алдынан] // Еркин Қарақалпақстан.- 1999. – 14 сент.

**45.** Баҳадырова С. Қарақалпақ халық дәстаны «Алпамыс»тын өзбек, қазақ версиялары менен байланысы // Әмиўдәрья. - 1999. - № 5 - 6.- Б.17 - 20.

**46.** Баҳадырова С. Қарақалпақлар Валиди Тоган мийнетлеринде: [тарийхымызды тереңирек изертлейик] // Еркин Қарақалпақстан.- 1999. – 11 февр.

**2000**

**47.** Баҳадырова С. Жыраў намалары – бийбаҳа тарийхый естелик // Қарақалпақстан жаслары. - 2000. - 5 окт.

**48.** Баҳадырова С. Миллийлигимиз – тирегимиз: [Миллий идеология раўажланыў бағдарында] // Еркин Қарақалпақстан.- 2000.- 6 июнь.

**49.** Баҳадырова С. Көрнекли тилши алым ҳәм белгили методист: [Ерназар

Дәўенов 70 жаста] // Еркин Қарақалпақстан.- 2000.- 28 сент.

**50.** Баҳадырова С. Ҳаял - қызлар кәлеминде турмыс шынлығы: [Гүлайша Есемуратова 70 жаста] // Еркин Қарақалпақстан.- 2000.- 27 февр.

**2001**

**51.** Баҳадырова С. Авесто ҳәм қарақалпақлар: [«Авесто»ға 2700 жыл] // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.-3 март.

**52.** Баҳадырова С. Әзийз анам Тумарис, Зарина, Одатида: [Аты әпсана аналар ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.- 13 окт.

**53.** Баҳадырова С. Әзиз қарақалпақ ҳаяллары: [Атлары уран болған аналар. Ақшагул менен Арыўханның атлары әпсана] // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.- 20 нояб.

**54.** Баҳадырова С. «Едиге» дәстаны халқымыздың мийрасының бири // Еркин Қарақалпақстан. - 2001.- 4 сент.

**55.** Баҳадырова С. Әзийз қарақалпақ ҳаяллары: // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.- 4 авг.

**56.** Баҳадырова С. «Едиге» дәстанынын жаңа варианты // Қарақалпақстан жаслары.- 2001.-19 июль.

**57.** Баҳадырова С. «Қырқ қыз» дәстаны ҳәм Қырық батыр қыз ҳаққында сюжет дүнья халықлары фольклорында // Еркин Қарақалпақстан.- 2001.- 13 февр.

**2002**

**58.** Бахадырова, С. Алпамыс - миллий байлығымыз: [Быйыл бул дәстанның биринши басылыўына 115 жыл толды] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.- 28 апр.

**59.** Баҳадырова С. Әзийз қарақалпақ ҳаяллары: [Қумар анна] // Еркин Қарақалпақстан.- 2002.-16 апр.

**60.** Баҳадырова С. Жигирма тоғыз жастан елиў жасқа шекем тюрьмада: [Избасар Фазылов ҳаққында эссе] // Әмиўдәрья. - 2002.- № 2.- Б. 26.

**61.** Баҳадырова С. Қарақалпақ әдебиятының досты: [Рахманқул Бердибаев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2002. – 19 дек.

**62.** Баҳадырова С. Қыз бақсы ҳурлиман ҳәм Қәнигүл, шайыр қыз Сәпиўра ҳәм Дәме: // Еркин Қарақалпақстан. – 2002. – 28 февр.

**63.** Баҳадырова С. Сулайман Бақырғаный уллы бабамыз: [Ҳәким атаның 880 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан.- 2002.- 11 - июнь.

**2003**

**64.** Баҳадырова С. Әййемги цивилизациядан жеткен байлық: [Жыраўшылық өнери ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2003. -18- февр., - 22 февр.

**65.** Баҳадырова С. Жыраў жырлары: // Әмиўдәрья. - 2003.- № 5 - 6.- Б. 98 – 110.

**66.** Баҳадырова С. Нәжим Дәўқараев Бердақ шайырды қалай қарғады? // Еркин Қарақалпақстан.-2003.-30 сент.

**67.** Баҳадырова С. Философ, ойшыл шайыр – жыраў: [Шаңқай жыраўдың туўылғанына 190 жыл] // Еркин Қарақалпақстан.- 2004. – 6 апр.

**2004**

**68.** Баҳадырова С. Ҳақыйқый дөретиўши инсан: [Б. Қәлимбетовтың 70 жыллығына] // Еркин Қарақалпақстан.- 2004. – 30 сент.

**2005**

**69.** Баҳадырова С. Н. Дәўқараев – Қарақалпақстан илимин шөлкемлестириўши: [Нәжим Дәўқараев 100 жаста] // Еркин Қарақалпақстан.- 2005. – 5 нояб.

**70.** Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорын тереӊ изертлеўши: [Нәжим Дәўқараев 100 жаста] // Еркин Қарақалпақстан.- 2005. – 15 февр.

**2007**

**71.** Баҳадырова С. Қанатынан қайырылған суңқар…: [ҳужжетли повесть] (Даўамы. Басы өткен санда) // Әмиўдәрья. - 2007.- № 3.- Б. 32 - 54.

**2008**

**72.** Баҳадырова С. Жумабай Базаров жырлаған қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» ағылшын тилинде: // Еркин Қарақалпасқстан. - 2008. - 13 - нояб.

**2009**

**73.** Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклоры: [гэрезсизлик жылларында және дүнья илими контекстинде] // Еркин Қарақалпақстан. - 2009.-14 нояб.

**2010**

**74.** Баҳадырова С. Қарақалпақ жырауы: // Еркин Қарақалпасқстан.- 2010.- 28 окт., // Мәдeният ҳәм спорт. - 2010.- 20 нояб.

**75.** Баҳадырова С. Қарақалпақ кобызы: [мийрас] // Еркин Қарақалпасқстан.- 2010.- 21 сент.

**76.** Баҳадырова С. Хәзирети ата - баба қалдырған байлықлар: [илимий дүркин] // Еркин Қарақалпақстан.- 2010.- 17 июль.

**77.** Баҳадырова С. Хәзирети ата-баба қалдырған байлықлар: [илимий дүркин] // Еркин Қарақалпақстан. - 2010.- 13 – 17 - 27- июль., - 3 -5 авг.

**2011**

**78.** Баҳадырова С. «Қарақалпақ жыраўы» - сөзликлерге өз алдына термин болып кириўи керек: [Фольклористика; усыныс ҳәм пикирлер] // Еркин Қарақалпасқстан . - 2011.- 20 сент.

**2013**

**79.** Баҳадырова С. Қарақалпақ жыраўларын дүньяға танытыўда Карл Райхлдың орны // Еркин Қарақалпақстан. – 2013 - 15 авг.

**2014**

**80.** Баҳадырова С. Ҳақыйқый инсан, педагог, илимпаз еди: [Тарийх илимлеринин кандидаты Ийгилик Косымбетов хаккында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.- 25 дек.

**2016**

**81.** Баҳадырова С. Мениң әзиз устазым: [Белгили илимпаз Аминова Рахима ҳаққында яднама] // Еркин Қарақалпақстан. - 2016.- 2 февр.

**2017**

**82.** Баҳадырова С. Қарақалпақ қандай халқ. – Ташкент, Наврўз. – 2017. – 256 б.

## Рус тилинде

### 1984

**83.** Баҳадырова С. Фольклор и советская проза.- Нукус: «Каракалпакстан», 1984. – 251 с.

### 1986

**84.** Баҳадырова С., Мамбетмуратов К., Каримов А. Жиемурат жыраў: // Вестник Каракапакстана, филиала АНУзССР, 1986.- № 4.- стр. 83 - 87.

### 1998

**85.** Баҳадырова С. Наша гордость: [к 170 летию Бердаха] // Вести Каракалпакстана-1998.- 19 дек.

### 2001

**86.** Баҳадырова С. Международная конференция по эпосу «Едиге» национальное достояние нашего народа: // Вести Каракалпакстана.- 2001.- 11 сент.

## Сарыгүл Баҳадырова ҳәм оның шығармалары ҳаққында

### 1999

**87.** Бекбергенова З. Илим докторы: жазыўшының жан дүньясы [С. Баҳадырова ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары.- 1999.- № 32.

### 2003

**88.** Нуратдинова Г. Сарыгүл Баҳадырованың «Тәғдир» романында характер ҳәм конфликт мәселеси: // Устаз.- 2003.- 5 июнь.

### 2004

**89.** Бекбергенова З. Илимге арналған өмир: // Еркин Қарақалпақстан.- 2004.- 10 февр.

**2014**

**90.** Жәримбетов Қ. Қараөзекке қайтпағаның жақсы болған екен: [Илимпаз, илимпаз Сарыгул Баҳадырова ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.- 1 нояб.

**91.** Хожамуратова П. Миллий мийрасымыздың жанкүйери: [Профессор Сарыгул Бахадырова менен сәўбет] // Еркин Қарақалпақстан. - 2014.-5 июль.

**Дүзиўшилер:**
**Мағлыўмат библиография бөлими баслығы: Г. Аббазова**

**Мағлыўмат библиография бөлими**
**бас китапханашысы: Г. Тажимуратова**